



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APEPRÈ 1,200 REZIDAN GRANMOUN AJE NAN NYCHA RESEVWA PREMYE DÒZ VAKSEN COVID-19 LA NAN SIT TANPORÈ ETA YO**

***Vaksinasyon yo ki fini nan kad deplwaman de jou twous vaksinasyon kominotè eta a bay senk konplèks lojman NYCHA***

***Twous vaksinasyon kominotè yo pral redeplwaye nan twa semèn pou fini dezyèm dòz yo***

***Deplwaman plis direktiv Gouvènè a pou asire jistis ak ekite pou kominote ki defavorize yo nan pwosesis distribisyon vaksen an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke apre [deplwaman twous vaksinasyon kominotè eta a pandan de jou vandredi](#) a bay senk konplèks lojman NYCHA, apeprè 1,200 rezidan NYCHA te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 la. Sit sa yo pral re-etabli nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo. Apre premye deplwaman pilòt sa a nan lokal NYCHA yo, twous yo pral deplwaye nan lokal ki egziste yo ak nan sit vaksinasyon adisyonèl yo ki pral ouvri nan Eta New York pou ranfòse plis efò Eta a pou asire distribisyon san patipri ak ekite vaksen COVID-19 la nan kominote ki defavorize yo atravè enstitisyon swen sante tradisyonèl yo.

"Nou gen yon grenn misyon - fè jwenn piki nan bra - epi nou dwe fè sa nan fason ki pi ekite posib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kominote ki tradisyonèlman defavorize yo anba men sistèm swen sante a te frape pi di ak COVID la epi nou te di depi nan kòmansman ke nou p ap kite disparite yo dikte kiyès k ap jwenn vaksen an. Atravè twous vaksinasyon kominotè nou an, sit vaksinasyon an mas yo, ak patenarya lokal yo, New York te etabli youn nan rezon vaksinasyon ki pi laj yo - men n ap sèlman gen reyisit atravè apwovizyonman nou ke federal la kontwole a. Nou wè limyè nan pwent tinèl la men pou nou rive atenn li, gouvènman federal la dwe voye plis vaksen ba nou."

Apre deplwaman twous vaksinasyon kominotè Gouvènè Cuomo te fè yo, gen senk sit ki te etabli pou administre premye dòz vaksen COVID-19 la pou rezidan NYCHA kalifye yo nan:

- **Bronx**

- NYCHA West Tremont Avenue-Sedgwick Avenue Area, 200 West Tremont Ave., Bronx, NY 10453
- **Brooklyn**
  - NYCHA Stuyvesant Gardens II, 150 Malcolm X Blvd. Brooklyn, NY 11221
- **East Harlem**
  - NYCHA Corsi Houses, 307 East 116 St., New York, NY 10029
- **Queens**
  - NYCHA International Tower 90-20 170 St., Queens, NY 11432
- **Staten Island**
  - NYCHA Stapleton, 230 Broad St., Staten Island, NY 10304

Lè deplwaman de jou an fini, chak sit yo administre:

| <b>Sant NYCHA</b>                              | <b>Popilasyon ki Pi Aje</b> | <b>Total Vaksinasyon yo Resevwa</b> |
|--|-----------------------------|-------------------------------------|
| NYCHA West Tremont Avenue-Sedgwick Avenue Area | 550                         | 405                                 |
| NYCHA Stuyvesant Gardens II                    | 159                         | 159                                 |
| NYCHA Corsi Houses                             | 186                         | 106                                 |
| NYCHA International Tower                      | 175                         | 168                                 |
| NYCHA Stapleton                                | 450                         | 356                                 |
|  | <b>Total:</b>               | <b>1,194</b>                        |

Ouvèti sit sa yo kontribiye nan objektif Gouvènè Cuomo pou asire distribisyon san patipri ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Pou fasilite efò sa a, New York te kontinye etabli Twous Vaksinasyon Kominotè epi li travay avèk ofisyèl lojman pilblik yo, legliz yo, ak sant kominotè yo pou sipòte efò sa yo epi pou deplwaye twous yo nan kote ki apwopriye yo. Chak kit gen ladan enstriksyon etap pa etap sou fason pou etabli yon sit, ak founiti ak ekipman esansyèl tankou:

- Founiti Biwo
- Ekipman pou Pòs Travay
- Ekipman Kominikasyon yo
- Founiti Netwayaj yo
- Ekipman Ekleraj
- Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)
- Ekipman Kontwòl Foul/Sikilasyon
- Flakon
- Sereng
- Separatè Pyès
- Rido pou Vi Prive

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)